

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu judul skripsi téh nya éta “Ajén Atikan Karakter dina novél Putri Subanglarang karya Yoséph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (ulikan Struktural)”. Ieu panalungtikan téh dikasangukungan ku perluna tarékah pikeun ngawanohkeun jeung nepikeun ma’na, ngeunaan ajén atikan karakter dina novél. Hususna dina widang atikan, ieu novél bisa dijadikeun bahan pangajaran maca novél, nepi ka numuwuhkeun sikep jeung moral barudak dina nyanghareupan kahirupan. Novél *Putri Subanglarang* téh salah sahiji karya Yoséph Iskandar. Pangarang kahot Yoséph Iskandar lahir di Purwakarta kaping 11 Januari 1953, pupus di Ujung Berung, Bandung 26 Maret 2008, nalika umur 55 taun. Yoséph Iskandar pangarang novél, panyajak, jeung drama ku basa Sunda. novél *Putri Subanglarang* geus ngalaman dua kali pindo citak.

Ari anu jadi puseur ulikan téh nyaéta ngeunaan struktur carita (nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra) jeung ajén atikan karakter ( anu ngawengku 18 ajén atikan karakter nu disusun ku Pusat Kurikulum Departemen Pendidikan Nasional). Aya sababaraha hal nu dipedar dina ieu panalungtikan nya éta 1) struktur carita unggal novél dumasar kana téma, galur, palaku jeung latar dina carita, 2) Ajén Atikan Karakter, jeung 3) Larapan hasil bahan pangajaran dumasar kana kritéria pangajaran. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déksriptif analitik, téknik studi pustaka jeung téknik analisis data. Dina prosés panalungtikan aya sababaraha nu kapanggih, nya éta struktur carita jeung ajén atikan karakter dina novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar sarta dipaké pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA.

Struktur novél dina novél *Putri Subanglarang* kawangun ku téma, galur, palaku jeung latar. **Téma** novél *Putri Subanglarang* ngeunaan, pasualan-pasualana ngeunaan Pamanahrasa mikawanoh agama Islam ku jalan tepung jeung

Nyai Subanglarang, nepi ka inyana neuleuman éta agama nu mimiti sumebar di wilayah karajaanana. **Galur** galur nu digunakeun nya éta galur mérélé. **Palaku** dina ieu novél aya 37 palaku, 2 palaku salaku palaku utama jeung 35 palaku salaku palaku tambahan boh nu ngalakonan boh nu kacaritakeun boh nu kacaritakeun ku palakuna atawa kacaritakeun saliwat. **Watek** palaku nu kagambar dina unggal novél kapanggih ku cara niténan paripolah jeung karakterna dina unggal carita. **Latar** nu kapanggih dina unggal Novél nu geus dianalisis boh latar tempat, latar waktu jeung latar sosial tangtuna disaluyukeun jeung téma tur galur dina unggal caritana. Latarna ogé tangtuna béda-béda ngan sakabéh latarna teu leupas ayana di Tatar Sunda, saperti di Pura Dalem, Nagri Sindangkasih, Nagri Singapura, jeung tempat-tempat pilemburan saperti di imah, di Warung, di Pamondokan jeung di Masjid. Latar waktu nu aya dina unggal Novél ogé aya nu nuduhkeun latar waktu nu puguh (absolut), aya ogé nu nuduhkeun latar waktu nu teu puguh (farsial). **Latar sosial** unggal novél nuduhkeun kalangan luhur (karajaan).

Judul novél *Putri Subanglarang* ngagambarkeun eusi carita dina ieu novél. **Puseur implengan** nu digunakeun ku pangarang dina ieu novél nya jalma katiluteu kawatesanan, hartina pangarangna nyoko kana unggal karakter jeung nempatkeunna salaku jalma katilu. Sedengkeun gaya nu digunakeun ku pangarang nya éta ngagunakeun basa nu biasa digunakeun ku pawayangan, biasana basa nu murwakanti.

Ajén Atikan Karakter nu nyangkaruk dina novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar aya 14 ajén atikan karakter anu kapanggih kayaning, *religius, jujur, toleransi, disiplin, kerja keras, demokratis, rasa ingin tahu, bersahabat/komunikatif, cinta damai, semangat kebangsaan, cinta tanah air, gemar membaca, peduli sosial, jeung tanggung jawab*.

Sabada ditalungtik, novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran basa Sunda, hususna pangajaran maca novél di SMA kelas XI, lantaran geus nyumponan kriteria milih bahan pangajaran aprésiasi sastra di antarana basa, budaya jeung tingkat psikologis siswa. Carita dina ieu novél euyeub ku ajén-inajén nu bisa mangpaat tur jadi conto pikeun kahirupan siswa sapopoé. Contona waé ajén atikan karakter, nu bisa jadi

cecekelan, boh pikeun guru, boh pikeun murid sangkan dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

## **5.2 Implikasi**

Hiji panalungtikan tangtuna teu leupas ti nu ngaranna kaonjoyan jeung kahéngkérán. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga kahéngkérán dina sababaraha aspék, tapi tetep miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa kana kahadéan, utamana dina nambahan pangaweruh jeung kamekaran analisis kasusastraan. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan struktural dina novél jéung atikan karakter dina karya sastra, utamana dina novél Sunda, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran.

## **5.3 Rékomendasi**

Sawatara saran atawa rékoméndasi ditujukeun pikeun pihak-pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan nya éta 1) pikeun panalungtik satuluyna, 2) guru, jeung 3) masarakat. Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan bisa jadi hiji tatapakan panalungtikan nu leuwih jembar. Pikeun guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil ieu panalungtikan sangkan ngarojong kana pangajaran, lantaran dina ieu panalungtikan geus disusun soal jeung matéri pangajaran. Masarakat ogé pamaca dipiharep bisa terus ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan ieu hal dina maham karya sastra. Salian ti éta, ajén moral dina ieu panalungtikan bisa dijadikeun eunteung pikeun kahirupan sapopoé di lingkungan masarakat.